Өзбекстан республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги

Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети

# илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир

# I



НӨКИС - 2012



# АКАДЕМИК
# АБАТБАЙ ДАЎЛЕТОВ

**Өзбекстан республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги**

**Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети**

# илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир

## Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады

**НӨКИС - 2012**

Дүзиўшилер**:**
Филология илимлериниң докторы, профессор
М.Қудайбергенов
Филология илимлериниң кандидаты, доцент
Қ.Пахратдинов

Жуўаплы редактор:
Ф.и.д., проф. М.Кудайбергенов

# Академик Абатбай Дәўлетовтың өмири ҳәм илимий-педагогикалық хызмети

**Мәмбеткерим Қудайбергенов**
*филология илимлериниң докторы, профессор*
**Қуралбай Пахратдинов**
*филология илимлериниң кандидаты, доцент*

Республикамызға белгили көрнекли алым, филология илимлериниң докторы, профессор, Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының академиги, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Абатбай Дәўлетовтың туўылғанына 70 жыл толды.

А. Дәўлетов 1942-жылы 20-сентябрьде Кегейли районының Халқабад елатында дийхан шаңарағында туўылды. Әкеси Дәўлет Палымбетов ел басқарған, көпшиликтиң ҳүрметине бөленген инсан болды. Ол жердиң де, дийханшылықтың да тилин жақсы билетуғын ҳақыйқый дийхан адам еди. Баласы ата жолын қуўып, дийхан болмағаны менен, атадан мийрас болып қалған мийнеткешликтиң арқасында илим ҳәм билимлендириўдиң ҳақыйқый пидайысы болып жетисти. Шаңарақта алған тәрбиясы арқасында ол мектеп партасында да үлгили оқыўшылардың бири болып өсти. Мектепте оқытып, тәлим-тәрбия берген ең дәслепки устазлары Елмурат Хожамуратов, Емберген Еримбетов, Ҳилал Муятдинов, Атабай Дошетовлардың берген сабақлары, жүрис-турыслары, сөйлеген сөзлери болажақ илимпазға үлкен тәсирин тийгизди. Усы адамлардай келешекте устаз болыўды әрман етти. Оның бул әрманы иске асты. Ол бул устазларын елеге дейин ҳүрмет пенен тилге алады.

А.Дәўлетов 1959-1964-жыллары Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында оқыған дәўиринде Республикаға белгили алым-педагоглар Көшербай Бердимуратов, Айтжан Есемуратов, Досжан Насыров, Сражатдин Ахметов сыяқлы устазлардан билим сырларын үйренди, билим ҳәм илимге қуштарлығы артты. 1964-жылы désинституттың тарийх-педагогика факультетин питкергеннен кейин айрықша оқыған қәниге ретинде усы институттың қарақалпақ тили кафедрасында ассистент-оқытыўшы лаўазымында жумысқа қалдырылды. 1967-1972-жыллары дәслеп Киев университетинде, соңынан Санкт-Петербург университетинде стажировкада болды. Оннан кейин аспирантурада оқыўын даўам етти. Санкт-Петербург университетинде аспирантурада оқып жүрген дәўиринде көрнекли алымлар профессорлар М.И.Матусевич, Л.Р. Зиндер, Ю.С.Маслов, Л.В.Бондарко ҳәм В.А.Вербицкаялардан улыўма тил билиминен, академик А.Н.Кононов, профессорлар А.М.Щербак ҳәм С.Н.Ивановлардан тюркология илиминен сабақ алды, олардың лекцияларын тыңлады. А.Дәўлетовтың белгили алым болып қәлиплесиўинде Щерба фонологиялық мектеби ўәкиллериниң тәсири айрықша болды.

1972-1978-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында (1976-жылдан баслап университетте) оқытыўшы ҳәм деканның орынбасары, 1978-1985-жылларда Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тил билими кафедрасының баслығы, 1985-1996-жыллары усы университеттиң дәслеп шет тиллери факультетиниң, соңынан филология факультетиниң деканы болып иследи. Ол – 1992-жылдан берли Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң профессоры. 1992-1996-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң улыўма тил билими кафедрасын, 1996-жылдан 2012-жылдың февралына дейин усы университеттиң қарақалпақ тил билими кафедрасының баслығы болып иследи. Ал ҳәзир усы кафедраның профессоры лаўазымында ислеп атыр.

А.Дәўлетов 1972-жылы Ленинград мәмлекетлик университетинде «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң вокализми» (эксперименталь-фонетикалық изертлеў) деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Бул диссертациялық жумысында

қарақалпақ тили даўыслыларының фонемалық қурамы анықланған, олардың артикуляциялық ҳәм акустикалық өзгешеликлери биринши рет экспериментлик изертлеў арқалы үйренилген. Бул жумысқа дүньяға белгили көрнекли алымлар М.И.Матусевич, Л.Р.Зиндер, А.М.Щербак, Л.А.Вербицкая ҳәм Л.В.Бондарколар баҳалы пикирлерин билдирди. Алымның бул диссертациясы 1976-жылы Самарқандта «Вокализм каракалпакского языка» деген ат пенен өз алдына китап болып басылып шықты. Бул жумыс автордың қарақалпақ тилиниң фонетикасы бойынша үлкен қәниге екенлигин көрсетти. Кандидатлық диссертациясын жақлағаннан кейин де ол қарақалпақ тилиниң фонетикасын терең изертлеўди даўам етти.

Алымның көп жыллық изертлеўлери нәтийжесинде жазылған «Қарақалпақ тилинде сингармонизм» атлы монографиясы 1993-жылы басылып шықты. Китаптың биринши бөлиминде түркий тиллердеги сингармонизмниң изертлениў тарийхына кеңнен шолыў жасап, онда автор сингармонизм ҳаққындағы ҳәр қыйлы пикирлерге сын көзқарастан баҳа берген. Сингармонизм ҳаққындағы соңғы ўақытта жәрияланған илимий мийнетлерге тийкарлана отырып, бул нызамның түркий тиллерде бирден бир просодиялық қубылыс екенин дәлиллеген ҳәм акцентлик тиллерде сөзлик пәт қандай хызмет атқарса, тональлық тиллерде тон қандай хызмет атқарса, түркий тиллерде де сингармонизм тап сондай хызмет атқаратуғынлығын көрсеткен. Сондай-ақ сингармонизм болған тиллерде тон ҳәм пәт, пәт бар тилде сингармонизм ҳәм тон, тональлық тиллерде сингармонизм ҳәм пәт болмаўы керeклигин дәлиллейди.

Монографияның екинши бөлиминде қарақалпақ тилиндеги сингармонизмниң тәбияты ҳәм атқаратуғын хызметине жаңаша бағдарда баҳа берилген. Оннан кейин сингармонизмниң сөзлерди таныў ҳәм сөзлерди шөлкемлестириў қәсийетлери, сөзлердиң мәнисин айырыў хызметлери мысаллар менен кең түрде көрсетип берген.

Жумыста дәстүр бойынша сингармонизм ҳәм ассимиляция нызамлары деп бөлек-бөлек қаралып жүрген тийкарғы фонетикалық қубылыслар бирлестирилип, бир пүтин нызамлылық ретинде сингармонизмниң ҳәр түрли көринислери түринде қаралған. Былайынша айтқанда, даўыслылар үнлеслиги де, даўыссызлар үнлеслиги де, қулласы, пүтин бир сөздиң қурылысындағы барлық сеслердиң өз ара ийкемлесип, үйлесип келиўи *сингармонизм* деп саналыўы керек деген жуўмақ исленген.

Үшинши бөлимде қарақалпақ тилиндеги даўыслылар сингармонизминиң еки түри көрсетилген: 1) буўын қурылысындағы даўыслылардың жуўан я жиңишкелиги жағынан үнлесип келиўи; 2) буўын қурылысындағы даўыслылардың езиўлик я еринлик болып үнлесиўи айрықша таллап көрсетилген.

Монографияның соңғы төртинши бөлиминде даўыссызлардың сингармонизми өз алдына изертленген. Автор *даўыссызлар сингармонизми* деп, биринишиден, бир буўынлы ямаса көп буўынлы сөзлердиң қурылысындағы даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң ортасындағы үнлесликти, екиншиден, морфемалар шегарасындағы иргелес сеслердиң ортасындағы үнлесликти түсиниў керклиги дәлилленген. Солай етип, жумыста пүткиллей жаңа түсиниклер менен көзқараслар келтирилген.

1994-жылы А.Дәўлетов Алматы қаласында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» деген темада докторлық диссертациясын жақлады. Оның бул диссертациясы 1995-жылы усы атамада өз алдына үлкен китап болып басылып шығарылды. Илимпаздың бул мийнети пүткиллей жаңа усылға – экспериментлик изертлеў усылына сүйенип орынланған ҳәм тил билиминиң соңғы жаңалықлары менен теориялық жетискенликлери тийкарында жазылған. Автор өзине дейинги изертлеўшилердиң илимий жуўмақларын экспериментлик изертлеўлер арқалы тағы да дәлиллеп тастыйықлаған ямаса оларға айырым дүзетиўлер киргизген.

Аталған монографиялық мийнетте қарақалпақ тилиниң фонетикасына қатнаслы мәселелердиң барлығы (даўыслы сеслер, даўыссыз сеслер, қабатласқан даўыссызлар, олардың фонетикалық, фонологиялық сыпатламасы, сеслердиң артикуляциясы менен акустикасы, классификациясы, буўын, сингармонизм ҳәм т.б.) тутас алынып ҳәм олар бир-

бири менен байланыста үйренилген. Бул жағдай оның дурыс илимий жуўмақлар шығарыўына мүмкиншилик берген ҳәм мийнетиниң қунлылығын тәмийинлеген. Соның менен бирге, оның изертлеўлеринде тил билиминдеги соңғы жаңалықлардың ҳәммеси де есапқа алынған, олар қарақалпақ тилиниң фактлери тийкарында тастыйықланған ҳәм жетилистирилген.

Мийнетте ҳәзирги қарақалпақ тилиниң даўыслы сеслери менен даўыссыз сеслериниң фонематикалық қурамы ҳәр тәреплеме изертленилген. Мәселен, А.Дәўлетовқа дейинги изертлеўшилер қарақалпақ тилинде биресе 8, биресе 9, биресе 11 даўыслы фонема бар деп келген болса, экспериментлик изертлеўлердиң нәтийжесинде А.Дәўлетов тәрепинен ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилинде 9 даўыслы фонема бар екенлиги ҳәр тәреплеме толық дәлиллеген. Даўыссыз фонемалардың қурамы да тап усылайынша анықланған. Бурынғы изертлеўшилерде қарақалпақ тилиндеги даўыссыз фонемалардың саны бирде 20 ямаса 22, бирде 25 ямаса 27 деп көрсетилди. Бул мийнетте олардың қурамы 23 фонема екенлиги рентгенографиялық, палатографиялық, спектрографиялық, осциллографиялық эксперимент усыллардың жәрдеминде анықланды.

Қарақалпақ тилинде *и* ҳәм *у* ҳәриплери менен аңлатылатуғын даўыслылар бурын биресе жекке фонема, биресе қосарлы фонемалар деп қаралып келинген еди. Бул мийнетте олар жекке-жекке фонемалар емес, ал ҳәр қайсысы еки фонеманың дизбеги, яғный фонетикалық дифтонглар екенлиги ҳәр тәреплеме илимий дәлилленип көрсетилген.

А.Дәўлетов усы мийнетинде қарақалпақ тилиндеги сингармонизм нызамының тәбиятын, оның хызметин анығырақ ашып берген. Егер жақын ўақытларға дейин илимий мийнетлерде сингармонизм тек даўыслы сеслерге ғана қатнаслы қубылыс деп қаралып келинген болса, А.Дәўлетовтың бул изертлеўинде сингармонизмниң даўыслыларға да, даўыссыз сеслерге де, тутас сөзге қатнаслы қубылыс екенлиги дәлилленип берилген.

Мийнеттиң және бир жаңалығы – қарақалпақ тилиндеги *к/қ, г/ғ* сеслериниң төрт түрли фонема емес, ал жуўан-жиңишке еки фонеманың төрт түрли айтылатуғын реңклери екенлигин ҳәр тәреплеме илимий жақтан дәлиллеўи болып саналады.

А.Дәўлетовқа дейин қарақалпақ тилиндеги *ҳ* даўыссызы барлық изертлеўлерде үнли даўыссыз деп қаралып келинди, автордың экспериментлик изертлеўиниң нәтийжесинде ол үнли даўыссыз сес емес, ал үнсиз даўыссыз сес деген жуўмақ исленген.

Қарақалпақ тилиниң фонетикалық системасы А.Дәўлетовқа дейин көбинесе жай субъективлик бақлаўларға тийкарланған еди. Ал биз сөз етип отырған изертлеўдиң олардан үлкен өзгешелиги, бунда автор объектив усылларға, экспериментлик изертлеўлерге сүйенген. Сондай-ақ А.Дәўлетовтың изертлеўинде сеслер бурынғы изертлеўдегилердей жекке, дара түринде емес, ал сөздиң қурамында, гәптиң ишинде, сөйлеў ағымында алып қаралған. Сонлықтан да алымның бул мийнетине илимий жәмийетшилик жетискенликлерге толы, жаңалықларға бай, терең мазмунлы үлкен илимий мийнет ретинде үлкен баҳа берди. А.Дәўлетов өзиниң усы мийнети арқалы қарақалпақ тил илиминиң буннан былай да илгерилеўине үлкен жол ашып берди.

Жоқарыда көрсетилген монографияларынан тысқары оның авторлығында абырайлы халық аралық журналларда, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларындағы илимий басылымларда қарақалпақ тилиниң әҳмийетли мәселелерине арналған бир қатар илимий мақалалары жәрияланды. Өзбекстанда филология илиминиң раўажланыўына ҳәм илимий кадрлар таярлаўдағы үлкен хызметлери нәтийжесинде ол 1995-жылы Өзбекстан Илимлер академиясының академиги болып сайланды.

А. Дәўлетов университетте студентлерге «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң фонетикасы», «Тил билимине кириспе», «Түркий тиллерде сингармонизм», «Улыўма тил билими», «Қарақалпақ тил билими тарийхы» пәнлери бойынша жоқары илимий-методикалық дәрежеде лекциялар оқыйды. Жоқары оқыў орны студентлери ушын ең туңғыш сабақлық 1979-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика ҳәм лексикология» деген ат пенен басылып шықты. Оның фонетика бөлими А.Дәўлетов тәрепинен жазылған еди. Бул китап шыққан ўақыттан баслап көп жыллар даўамында жоқары оқыў

орынларының студентлери ушын қарақалпақ тилиниң фонетикасы бойынша бирден бир оқыў қуралы сыпатында хызмет етпекте. А.Дәўлетовтың бул сабақлығы қайта исленип ҳәм толықтырылып, «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика» деген ат пенен 1994, 1999, 2005- жыллары басылып шыққан болса, оның бесинши басылымы 2012-жылы баспадан шығып студентлер ҳәм қәнигелерге тарап кетти. Бул сабақлық Өзбекстанда ең жақсы сабақлықлар қатарында сыйлықланыўға миясар болды.

Жоқары оқыў орынларының филолог студентлериниң қәнигелиги бойынша теориялық жақтан ҳәр тәреплеме терең билим бериўге қаратылған ең тийкарғы пәнлердиң бири «Тил билими теориясы» пәни болып саналады. Бул пәнде тил билиминиң тийкарғы тараўлары, тилдиң келип шығыўы ҳәм раўажланыўы, тилдиң жәмийетлик хызмети, тил ҳәм сөйлеў, тил ҳәм ойлаў, тилдиң структуралық ҳәм системалық сыпаты, тиллердиң топарларға бөлиниўи ҳәм т.б. теориялық мәселелер бойынша мағлыўматлар бериледи. Жоқары оқыў орнының оқыў жобасындағы «Тил билими теориясы» пәни бойынша қарақалпақ тилинде дәслепки оқыў қуралы 1988-жылы баспадан шыққан болса, оннан бери көп ўақыт өтти, жәмийетлик дүзимде үлкен өзгерислер жүз берди, айырым түсиниклер ескирип, оның орнына жаңа түсиниклер пайда болды. Айырым түсиниклерди қайта қарап шығыў зәрүрлиги туўылды. Жәмийеттеги бул өзгерислер тил билимине де өзиниң тәсирин тийгизди. Тил билиминиң айырым тараўларын қайта қарап шығыў, тилдиң гейпара теориялық түсиниклерин жаңаша мағлыўматлар менен толықтырыў, айырым мысалларды жаңалаў керек болды. Ең баслысы, студентлерге тил билиминдеги соңғы жаңалықлар ҳәм жетискенликлерин жеткериў зәрүр болды. Сондай талап тийкарында академик А.Дәўлетов жоқары оқыў орынларының филология қәнигелигине арнап, «Тил билими тийкарлары» (2007) атлы жаңа оқыў қолланбасын баспадан шығарды. Бул оқыў қолланбасында усы пән бойынша жоқары оқыў орынларында өтилиўге тийисли болған материаллар толық қамтылған. Бул мийнет ҳәзирги ўақытта университет ҳәм пединституттағы барлық филолог студентлер ушын сабақлық хызметин атқармақта. 1978-85-жыллары кафедра баслығы лаўазымында ислеп турған дәўиринде А.Дәўлетовтың басшылығында университет талабаларына арналған туңғыш рет үш томлық «Ҳәзирги қарақалпақ тили» (1979, 1981, 1986) сабақлығы жарық көрди. Авторлар жәмәәти (А.Дәўлетов, М.Дәўенов, М.Кудайбергенов) тәрепинен пүткиллей қайта жазылған ҳәм жоқары оқыў орны министрлиги тәрепинен сабақлық ретинде тастыйықланған қарақалпақ тилиниң грамматикасына арналған еки томлық «Ҳәзирги қарақалпақ тили» (2010, 2011) сабақлығы баспадан шықты. Бул сабақлықтың баспадан шығыўында жетекши автор ҳәм жуўаплы редактор ретинде А.Дәўлетовтың мийнети айрықша болды. Сондай-ақ «Қарақалпақ тил билиминиң тарийхы» (2001), «Қарақалпақ тил билими. Библиографиялық көрсеткиш» (2008) деген қолланбалардың ҳәм жоқары оқыў орнының қарақалпақ филологиясы қәнигелигине арналған бағдарламалардың тийкарғы авторларының бири. Оның авторлығында жазылған «Қарақалпақ тилиниң фонетикасынан практикум» (1989, 2005, 2009) атлы оқыў қолланбасы әмелий сабақлар өтиўде университет ҳәм пединститут студентлерине сабақлық хызметин артқармақта.

Ғәрезсизлик дәўиринде «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы» ҳәм «Билимлендириў ҳаққындағы» Нызамға сәйкес улыўма билим беретуғын мектеп оқыўшылары, кәсип-өнер колледжлери менен академиялық лицей талабалары ҳәм жоқары оқыў орынларының студентлери ушын жаңа билим мазмунына сәйкес жаслардың аўызша ҳәм жазба саўатлылығын ҳәм өз бетинше пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириўге бағдарланған жаңа сабақлықлар дөретиў күн тәртибине исләниўи тийис баслы мәселелердиң бири болып қойылды. Бул бағдардағы академик А.Дәўлетовтың хызмети айрықша көзге түседи. Ол авторлар менен биргеликте Мәмлекетлик билимлендириў стандартына тийкарлап, қарақалпақ тили бойынша оқыў бағдарламаларын ҳәм сабақлықлар дүзиўге белсене қатнасты. А.Дәўлетовтың биргеликтеги авторлығында ҳәм редакторлығында оқыў қәрақалпақ тилинде алып барылатуғын кәсип өнер колледжлерине, академиялық лицейлерге ҳәм оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын

колледжлерге арналған сабақлықлары 2002-жылы баспадан шыққан болса, ал бул сабақлықлар жаңадан қайта жазылып, бес китап көлеминде 2010-жылы баспадан шығарылды. Сондай-ақ авторлар менен биргеликтеги 5,7,10-қарақалпақ классларына арналған ана тили сабақлықлары, оқыў басқа тиллерде алып барылатуғын 5,6,7,8-классларға арналған «Қарақалпақ тили» сабақлықлары бир неше рет баспадан шықты.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин республикамызда 1993-жылдан баслап латын жазыўына тийкарланған жаңа жазыўға өтиў мапазы басланды. Жаңа латын әлипбесине өтиў, жаңа имла қағыйдаларын дүзиў бойынша тилши алымлар тәрепинен бир қатар жумыслар исленди. Жетик қәниге ретинде А.Дәўлетов латын жазыўына тийкарланған қарақалпақ әлипбесин дүзиў ҳәм оны жетилистириўге, әлипбе ҳәм имла мәселелерине арналған илимий конференциялар өткериўге белсене қатнасты. Оның жаңа әлипбе ҳәм имланы жетилистириўге арналған мақалалары республикалық баспасөз бетлеринде жәрияланып барды. Нәтийжеде қәнигелер менен биргеликте оның басшылығында «Қарақалпақ тилиниң имла қағыйдалары жыйнағы» таярланып, ол 2012-жылы китап болып баспадан шықты. Сондай-ақ оның қатнасында әлипбедеги соңғы өзгерислер есапқа алынған ҳалындағы қарақалпақ тилиниң жаңа имла сөзлиги дүзилип, баспаға таяр тур.

Қарақалпақстан – көп миллетли республика. Онда түби бир түркий тиллес қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен миллетлери көпшиликти қурайды. Бул халықлардың тиллери бир-бирине тәсир етиўи, бир-бириниң сөз байлығын байытыўы нызамлы қубылыс. Бул бағдарда изертлеў жумысын алып барыў теориялық жақтан да, әмелий жақтан да үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан, бул мәселе де А. Дәўлетовтың дыққатынан шетте қалмады. Оның басшылығында мәмлекетлик қаржы есабынан грант тийкарында Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде бир қатар тилши илимпазларының қатнасыўында илимий-изертлеў жумыслар алып барылды. Усы темаға арналған бир кандидатлық диссертация жақланды, еки жумыс жазып питкерилди.

А. Дәўлетов Ташкент (1980), Москва (1985), Санкт-Петербург (1989, 2006), Алматы (1990, 2007), Бишкек (1991), Анкара (1994), Түркстан (2004), Ашхабад (2007) қалаларында өткерилген халық аралық илимий конференцияларға өзиниң илимий баянатлары менен қатнасты.

А. Дәўлетовтың дыққатында илимий кадрлар таярлаў айрықша орында турады. Ол 10 жыл даўамында Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы Қәнигелестирилген кеңестиң баслығы болды, ҳәзирги ўақытта усы Қәнигелестирилген кеңестиң қасындағы Илимий семинардың баслығы болып ислеп атыр. Оның илимий басшылығында 10 адам өзлериниң кандидатлық диссертацияларын, бир адам докторлық диссертациясын табыслы жақлап шықты. Ҳәзирги ўақытта ол бир стажер-изертлеўши-излениўшиге, үш магистрге, еки докторлық жумыс орынлаўшыларына илимий басшылық етип атыр. Көплеген кандидатлық ҳәм докторлық диссертациялардың жақланыўында рәсмий оппонент ретинде қатнасты.

Алымның илимге қосқан салмақлы үлеслери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып, оған 1992-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди.

А. Дәўлетов – үлкен шаңарақ ийеси. Ол өмирлик жолдасы Мырзагүл Тилеўова менен үш ул ҳәм еки қызды тәрбиялап өсирди. Олардың ҳәммеси де жоқары мағлыўматқа ийе болды. Ул-қызларынан бир неше ақлық көрип отыр. Еки қызы колледжлерде оқытыўшы, үлкен улы илим кандидаты, доцент, Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде факультет деканы, ортаншы улы район ҳәкими орынбасары, кишиси фермер хожалығы баслығы болып ислеп атыр.

Киши оқытыўшыдан баслап илим кандидаты, илим докторы, доцент, профессор, академик илимий дәреже ҳәм атақларын алыўдай машақатлы жолларды мәрдана басып өткен, 48 жыл минсиз хызметиниң 27 жылын кафедра баслығы, 11 жылын факультет деканы лаўазымларында ислеген, республикамыздың илими ҳәм билимлендириўиниң раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосқан академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жасқа

толған қуўанышлы күни менен кәсиплеслери ҳәм көп санлы шәкиртлери атынан қызғын қутлықлаймыз. Оған беккем денсаўлық, шаңарағына аманлық, дөретиўшилик ислеринде табыслар тилеймиз.

## Бирге өткен жаслығымыз

**Тилеўбай Ҳәмзеев**
***Кегейли районы «Жүзимбағ» аўыллық кеңесиниң пуқарасы, нураний оқытыўшы***

Нөкис қаласынан арқаға қарай жолға шықсаңыз биринши рет халқымыздың миллий байлығы болған пахта атызларын ушыратасыз. Усы жерден Кегейли районының «Халқабад» хожалығы басланады. Хожалықтың атынан-ақ елдиң усы атқа ылайықлы екенин сезиўге болады.

Пахта атызларының көзге қонымлы орналасыўы, оның мәденияты халықтың дийханшылыққа болған ықласынан дерек береди. «Шағал-көпир»ден өткеннен кейин шеп тәрепинде үлкен-үлкен шоқ аўыллардың гүўасы боласаң. Бул аўыллар қайшылы ябы қыпшақ, әйтеке ҳәм қазаяқлы, қаңлы атамалары менен айтылады.

1950-жыллары усы жерде пахташылықтан атағы шыққан «Чапаев» колхозы Республикада пахта жетистириў бойынша ең алдынғы орынларда болғанын билемиз. Усы жердеги «ябы» аўылында Республикамызда тил илими менен шуғылланыўшы белгили илимпаз филология илиминиң докторы, профессор академик Абатбай Даўлетов туўылды. Усы жерде Абатбайдың да, мениң де балалығымыз бирге өтти.

Аўылда кишкене баслаўыш мектеп бар еди. Баланың азлығынан ба 1-3 классты бир муғаллим, 2-4 классты бир муғаллим окытатуғын еди.

Еле ядымыздан шықпайды, усы аўылға «келин» болып түскен келиншек қайнағаларының атларын айтыўға уялып, бизлерди «Баслыков», «Өндирисов», «Устаев» деп шақыратуғын еди. Бир күни мектепке тексериў келип ҳәммемиздиң фамилияларымызды айтқанын үйлеримизге айтып барғанымыз еле есимде.

Баслаўыш мектепти тамамлағаннан кейин, аўылдан әдеўир узақта жайласқан «Стаханов» атындағы мектепке барып оқыдық ҳәм Абатбай менен бирге қатнадық. Есте қалатуғын бир нәрсе мектепке қатнап жүргенде соқпағымыздың қапталында «Молла Жәмилдиң» гөне дийўалы көзимизге әжептәуир көринетуғын еди. Себеби қапталында жақын үйлер болмағанлықтан әтирапындағы қалың путалық 5-6 метр бийикликтеги гөне дийўал қорқынышлы болып көринетуғын еди.

Қыстың суўық күнлери Арқа шығыстан ескен күшли самал, оның шуўылдаған сести, тап бир қорқынышлы нәрсе келип қалғандай етип бизлерди қорқытатуғын еди. Қар жапқан күнлери ўақыттың қалай өткенин билмей сырғанақ теўип балалықтың шадлы күнлерин бирге өткергенбиз.

Мектепте оқыған дәуирлери мектептеги жәмийетлик жумысларға жақсы қатнасқанбыз. Пән дөгереклерине қатнаста, мектеп басшылары Абатбайдан үлги алың деп айтатуғын еди. Оқыўға деген ыклас, талапшаңлығы Абатбайда сол дәуирлерде белгили болған екен. Ол жыллары аўылларда орта билим беретуғын мектеп жоқ еди. Сол ушын 7-классты тамамлағаннан кейин сол дәуирде «Куйбышев» атындағы район орайы болған

«Халқабад» қаласындағы орта мектепке барып оқыдық. Ҳәптелик азығымызды алып мектептиң жатақханасында бирге болдық.

Усы жерде бир нәрсени ядқа түсирип өтпекшимен, Абатбайдың жаслық жыллары аўылда өскеннен кейин дийханшылық пенен де байланыслы болды. Абатбайдың әкеси Палымбетов Даўлет аға басшы жумысларда ислеген атақлы пахтакеш еди. Қартайған ўақытларында ол дийханшылыктан қол үзбеди. Ол пенсия жасы дәўиринде 8 Га (Гектар) жер бөлип алып, өзине жақын адамлар менен тәрбия етиўге басшылық етти. Усы жерден жоқарғы зүрәәт жетистирип бийпул автомашина менен сыйлыкланды.

Даўлет аға машинаны бир өзи минип жүриўди мүнәсип көрмей «Халқабад» хожалығының есабына өткерип, оның акшасын қараўындағы пухараларға бөлип берди.

Бул не деген адамгершилик! Қараўындағы мийнет еткен мийнеткешлеримиздиң мийнетин баҳалаў!

Усындай үлгили шаңарақтан шыққан Абатбай ержеткенлик аттестатын алып, қуўанышы қойнына сыймай әке-шешесин қуўантты.

- Балам, бизлердиң күш-ғайратымыз бар ўақытта оқы, қәнигелиңди арттыр, Билимиңди жоқарылат. Оқыўға ықласың күшли ғой. Мына ержеткенлик аттестатыңдағы баҳалар соны көрсетип турыпты ғой – деди Даўлет аға. Оқыў ушын ҳүжжетлеримди жәмлеп сол ўақыттағы Республиканың бирден-бир жокары окыў орны болған Педогогикалық институтқа тарийх-филология факультетине оқыўға тапсырды. Конкурстың жеңимпазы болып, студентлик жылларды мениң менен бирге өткерди.

Баслаўыш мектеп, толық емес орта мектеп ҳәм орта мектеплерди бирге оқыдық. Айырылыспадық институтта да бир жерде жатып, бирге сабақ таярлап студентлик «Алтын» дәўирди бирге өткердик. Бизлер ол ўақытта екинши сменада оқыдық. Республикадағы белгили илимпазлар сабақ берди. Семинарларға күшли таярланатуғын едик. Қала әтирапында саялы қалың тереклердиң арасында азық-аўқатымызды алып барып экзаменлерге күшли таярландық. Институттың берген стипендиясы менен оқыдық.

Экзамен менен зачетларды түнги саат 12 ге шекем тапсырған күнлеримиз болды. Ол ўақыттағы муғаллимлер талабы жокары еди. Билсең баҳа қоятуғын еди. Сол ушын оқып, билиўге ҳәрекет ететуғын едик. Қалада тынышлық тәртип жақсы еди. Окыўдан басқа тәшўиш жоқ еди. Қала транспортлары, ишетуғын газли суўларың «3» ҳәм «5» тийиннан артпайтуғын еди. Нанның баҳалары ҳәм арзан еди. Студент ушын усылар болса болды.

Көзди ашып жумғанша бес жыл өтип кетти, бизлер Абатбай екеўимиз де Кегейлиге жоллама алдық. Аўылымыздағы 21-санлы «Ушинский» атындағы орта мектептен мен тарийх, ал Абатбай болса тил-әдебият қәнигелиги бойынша сабақ алдық. Арадан еки ҳәпте ўақыт өтпей-ақ Абатбай Даўлетовты оның институтты қызыл диплом менен айрықша баҳаларға питкергенин есапқа алып, институт ректораты шақырып, муғаллим етип алды. Илимге деген ыклас оны аспирантураға жетекледи. Сол дәўирдеги атақлы оқыў орынларында окыўын даўам етти. Бурынғы Ленинград ҳәм Киев қалаларында окыды, ҳәр сапары дем алысқа келгенде ушырасып жағдайлардан хабардар болып турдым. Абатбай достым күни-түни излениўдиң арқасында қысқа ўақыттың ишинде алған темасы бойынша кандидатлық диссертациясын жақлады.

Бул жыллары Республикамызда үлкен жаңалық жүз берди, Педогогикалық институт университетке айландырылды. Қарақалпакстанның ул-қызлары, университетте ҳәр қыйлы қәнигелик бойынша оқыўына мүмкиншилик туўды. Абатбай достымыз усы университетте көп жыллар филология факультетиниң деканы, кафедра баслығы, доцент профессор болып иследи.

Хадал мийнет, көп излениўшилик нәтийжесинде қарақалпақ тил илимине байланыслы машкалаларды шешиўге белгили ҳызмет атқарды. Қарақалпақ тилинде сеслердиң айтылыўы ҳәм жазылыўын илимий жол менен дәлиллеп берди.

Жумыс пенен бир қатарда көп излениўшилик нәтийжесинде ол филология илиминиң докторы илимий дәрежесине ийе болды. Достымыздың илимге болған ықласы, күшли таланты биз аўылласларды үлкен қуўанышқа бөледи.

Республикада ҳәр қыйлы илим тараўлары бойынша белгили ғана илимпазлар Академик дәрежесине ийе болса, қарақалпақ тил илимине үлкен жаңалыклар киргизгенин есапқа алып, усы тараў бойынша биринши рет Академик Абатбай Даўлетов болды. Абатбайдың бул үлкен табысы биз кегейлишилерди үлкен қуўанышқа бөледи.

Абатбай Даўлетов үлгили Шаңарақ басшысы, оның ул-қызлары ҳәр қыйлы тараўларда жемисли жумыс ислеп киятыр. Айқын бир мысал үлкен баласы Қалнияз илим кандидаты, доцент, университетте кафедра баслығы, факультет деканы лаўазымларында иследи.

Ата жолын даўам етиў деген усы. Абатбайдың өмирлик жолдасы Тлеуова Мырзагул жоқары мағлыўматлы. Нөкис қаласының мектеплеринде физика-математикадан сабақ берип жоқары категориялы муғаллим болып иследи. Ҳәзир ақлықларын тәрбиялап, Ҳүрметли дем алыста.

«Уяда нени көрсең ушқанда соны көресең» - дегендей Республикада бурыннан белгили хүрметли пахтакеш Даўлет ағаның шаңарағында усындай азаматлар өсип жетилисти.

Биз сөз етип отырған аўылласым, қатар ойнап өскен достым Абатбайға тил илими тараўында еле де үлкен жаңалықлар киргизип, жемисли мийнет етиўине тилеклеспен.

## Қарақалпақ тил илиминиң сәркардасы

**Рысгүл Уснатдинова -** ***Өзбекстан халық муғаллими,***
**Оразгүл Оразымбетова** **-** ***нураний-оқытыўшы,***
**Әбдимурат Атажанов -** ***журналист, жазыўшы***

Студентлик ўақыттың «зағарсынан» теппе-тең татысқан, жаслықтың жасыл жайлаўы, студентлик алтын дәўирдиң майданында жоқары билим ийелеген, диплом алған ең жарқын, ең қуўанышлы күнлерди бастан өткергенимизге де елли жылдың майданы болыпты, япырмай! Сол мәҳәлде Республикамыздағы бирден-бир жекке-жалғыз жоқары оқыў орны болған Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетинде бес жыл оқып, институтты бәримиз төрт көз түўел тамамлағанымызға да ярым әсирге жетейин деп қалыпты.

Жанажан журтымыздың ары менен намысы, мәртебели мақтанышы, елдиң әдиўли ақсақалы, студентлерден тартып, жас илимпазлардың, тужырымлап айтқанда қарақалпақ зыялыларының атасы, устазы Сабыр аға Камалов 1964-жылдың бәҳәринде бизлерге бесинши курста лекция оқыды. Оның лекциясын тыңладық, жасы үлкенлик, аталық нәсиятын ядта сақлап қалдық. «Бүгинги күнде сизлер аўылдан қалаға келген үркек жас бала, жас жигит, жас қыз емессиз… Бес жыл иститутта билим алдыңыз. Устазларыңыз бенен теңлестиңиз. Соның ушын сизлерди ер жетти деп есаплаймыз. Тең санап арқайын еркин сөйлесемиз. Өйткени, сизлер ертең ел балаларын оқытасыз, тәрбиялайсыз» -деди. Буннан кейин орта мектепти питкерген ҳәр бир жас қыздың жоқары билим алғаны тәнҳә өзи ушын да, мәмлекет ушын да пайдалы екенлигин уқтырып, санамызға қорғасын киби қуйды. «Ақылы кәмил, илими зор, билимли ел болмайды қор»,-деген Бердақ бабамыз. Ул-қыз перзентлери билимли елдиң келешеги зор деп түсиндиргенде, бизлер аудиторияда отырып Қарақалпақстанның нурлы келешегин көз алдымызда сәўлелендирдик ҳәм айдын келешекке исендик. Солай етип, 1964-жылдың мыс қайнаған жазында «багаж»ымызды билимге толтырып, Сабыр ағаның аталық уллы нәсиятын арқалап, жолламада белгиленген мәканға жолландық. Босағасы алтыннан, шаңарағы гүмистен қәдирдан институтымыз, әке-шешемиз секилли баўырман, шәкиртине ғамхор қәдирли устазларымыз бенен көз қыймаста хошластық. «Қымбатлы институт хош бол, айдын келешек әссалам» дедик.

Питкериўшилердиң арасынан қызыл дипломлы үш питкериўшилер: Серимбет Сейтимбетов (марҳум), Қалмурза Муратбаев (марҳум), Абатбай Дәўлетов институтта оқытыўшылыққа алып қалынды. Абатбай тилден, Серимбет философиядан, Қалмурза әдебияттан студентлик дәўиринде-ақ кәнигелескен еди. Абатбай устазларының усынысы бойынша тилден муғаллимшиликке қалдырылатуғынын бизлер бурыннан билетуғын едик. Себеби буған таўдай тийкар, оның илимге уқыбы, тыянақлы билимге ийе болғанлығы еди.

Бир жола я үшинши, я төртинши курс гезимизде мынадай ўақыяны көз бенен көрдик, тиккелей қатнасыўшысы болдық. Студент халқы оқытыўшы-муғаллимниң билиминиң терең-сайызлығын биринши қәдеминен-ақ байқайды. Тилши муғаллим лекцияны конспекттен оқыйды. Бизлер оған қанаатланбаймыз. Тил сабағында таллаў жасамаса, теория терия күйинде қалады. Сабақ төмен өзлестириледи. Усыған бола: «Муғаллим таллаў жасайық, үйренейик. Теорияға тойдық» -дедик бир күнлери. Үш-төрт мәрте талап етилгеннен кейин, ол муғаллим тахтаға жазыўшы Сапарбай Салиевтиң шығармасынан бир гәпти жазды. «Ал, мынадан гәп ағзаларын табасыз. Баслаўыштан баслаймыз»-деди муғаллим. Тилекке қарсы, қырсық гәптен баслаўыш табылмады. Абатбай орнынан турып: «Муғаллим, бул гәпте баслаўыш жасырынған»-деди ҳәм оны дәлиллеп берди. Тахтаға шығып муғаллимниң жиберген қәтесин исенимли түрде дүзетти. «Аўа, аўа, солай» -деп муғаллим мақуллаў менен болды. Муғаллим аўзын оймақтай дөңгелетип, жағын оң қолына тиреп қатып қалды. Оны тәнеписти хабарлаған қоңыраў сести қысыныспадан қутқарды. Буннан кейин муғаллим «таллаў» сөзин тилине баспады. Лекцияны дәптеринен оқығанын даўам етти. Сол сапар Абатбайдың тилден бәримизден жақсы билетуғыны анық

көринди. Себеби, оны Халқабадтағы маңлай алды мектептиң Республикаға белгили тилши муғаллимлери Емберген аға Еримбетов, атақлы бақсы Генжебей аға Тилеўмуратов қарақалпақ тили ҳәм әдебиятынан оқытыпты. Болажақ тилши академиктиң тил бойынша тереңбилимине мектепте усылайынша беккем тырнақ салыныпты. Институтта бес жыл оқыған жылларда халыққа танылған тилши-әдебиятшылар Айтжан Есемуратов, Көшербай Бердимуратов, Сражатдин Ахметов, Досжанбай Насыровтан алған ушан теңиз билими изинен тил океанына ушласып, бул ушан кеңисликте қыйналмай жүзиўине кең мүмкиншилик жаратты.

Айтжан аға фонетикадан оқытады. Сес, ҳәрип, тил алды, тил арты. Оғада майда. Бирпара студентлердиң бул сабаққа заўқы шаппайды. Жалығады. Муғаллим Айтжан аға тәртипке де, оқыўға да талапшаң. Сабақтан кешиккенди кеширмейди. Орынсыз сөйлеген адам жети жини. Сонлықтан оның сабағында қапы бир рет ашылып, бир рет жабылады.

Бизлерден бир-еки жыл бурын оқыған жигитлер Айтжан ағаны сондай деп қапылтып тәрийпледи. Мен оның қаталлығына қатнасы бар бир күлкили ўақыяға гуўа болдым. Бесинши курс студенти-Нышанбай Якупов пенен Садовая көшесиндеги жайда бирге жасадық. Ол тилден билгиш еди. Жоқары баҳаға оқыйды. Айтжан ағаның сабақты жақсы өтетуғынын мақтайды. Соған қоса тәртипти қатаң сақлаўды талап етеди. Әсиресе, қатал муғаллим сабаққа кешиккенди кеширмейди дейди. Экзаменди қатты алады. Сонлықтан оннан студентлер қорқады екен. Бирақ ол күтә арқайын. Усы күни биринши пара тилден Айтжан ағаның сабағы екен, оның айтыўынша. Ол саат бирден баслап институтқа кетиўге таярланды. Қәпелимде өз-ара әңгимеге араласып, сабақты умытып кетти. Он бес минут ўақыт қалғанда ол тура жуўырды. Бирақ тез қайтып келди. Туфлий орнына геўишшең кетип баратырған екен.

Бири-тилден, екиншиси-тарийх, үшиншиси-философиядан, төртиншиси-әдебияттан алғыр студентлердиң арқасында басқалар қорқып сыйлайтуғын Айтжан ағаның да устазлық исенимине еристик. Сабағынан жақсы оқытатуғын, сымбатлы, парасатлы, әдил Айтжан аға менен Көшербай ағаның сезгиш, сыншыл нәзерине арамыздан Абатбайдың илингенине «О неси» -деп таңландық. Өйткени, студент Абатбайдың билимин устазлары әдил, дурыс баҳалап билген еди.

Белгили усындай устазлардан билим-тәрбия алған оқытыўшы Абатбай студентлерди де жақсы оқытады деп еситип жүрдик. Ол илим менен де тынбай шуғылланды. 1972-жылы бурынғы Ленинград қаласында «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң вокализми» темасында кандидатлық диссертация жақлады. Группаласы, - бизлер, арамыздан тилши илимпаз жетилисип шыққанына көкирегимиз толқынланып қуўандық. Ол илим жолындағы сәтли басланған илимий жумысын қарақалпақ тили, оның фонетикасы айналасында буннан былай да раўажландырды. Табыслы даўам етти.

Илим менен техниканың соңғы жетискенлигинен унамлы пайдаланып, қарақалпақ тилиниң сеслик дүзилисин жүдә кең, ҳәртәреплеме писирип жетилдирип үйренди. Нәтийжеде қарақалпақ тили илиминде жаңалық дәрежесиндеги табысты қолға киргизди. Көп жыллық аўыр машақатлы мийнети тилши илимпазлар тәрепинен жоқары баҳаланды. 1994-жылы Қазақстан Илимлер Академиясында, Алматыда «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң сеслик дүзилиси» темасында докторлық диссертациясын жақлағанда қатар достымыздың табысы группаласларының мақтанышың бийиклетти. Бул күн, бул сәне көрнекли илимпаздың өмир дәптерине алтын ҳәриплер менен жазылды. Буннан соңғы жыллар Абатбай Дәўлетовтың турмысындағы сәўлели сәне менен бахыт қушағында шалқыған күнлерин жийи көремиз. 1980-жылы доцент, 1992-жылы профессор илимий атағын алды. Усы жылы профессор илимпазға «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди. 1995-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының академиги болып сайланды. Хош хабарды еситкендеги қуўаныш епкинин, пәтин сөз бенен тәрийплеўге, туўрысы, тил жетпейди. Курсласлары ушын уллы жеңис, уллы мақтанышқа жатады деген, әлбетте, дурыс, әдил болады.

Курсласымыз Орынбай Қайыпов ҳақ көкирек, кеңпейил инсан. Сонлықтан ол өзиникине емес, курсласларының мийнеттеги табысын, илим-дөретиўшиликтеги жеңисине қуўанып қуўатлайды. Жүрген жеринде мақтанып, айтып жүреди. -Әбеке,-деди ол бир сапары ушырасып сөйлескенде, -бизиң группа қүдирет екен. –Қалай?-дедим мен. -Арамыздан академик шықса, Өзбекстан халық муғаллими, Қарақалпақстан халық муғаллими, Өзбекстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери атақларын алса, орден, медаль ийеси болса, буннан артық не керек? Сол туста бизиң группа билими жағынан жүдә алда болыпты. Бүгинги күнге келип көпшилик мойынлап атыр. Мақтап атыр. –Ким айтты? Ойдан тапқаның болмасын,-дедим анықлап алайын деп. –Отаров айтты. –Аманбай ма? –Тап сол. -Ореке, иштен гөре сырттың баҳасы саррас келеди. Шынында да институтта үлгили, мақтаўға арзыйтуғын группа болған екенбиз….

Мениңше, академик Абат Дәўлетов Республика илимпазларының ишинде илимниң раўажланыўына үлкен мийнетин сиңдирген , нешше-нешше илимпазларды таярлаған илим ғайраткерлери қатарынан мақтанышлы орын ийелеген алым. Мине, мысал: «Бүгинги күнге дейин ол қырықтан аслам дәстиярлы китаплардың авторы. Буның өзи ҳәр жылға бир китаптан туўра келеди»-деген Түркменстанлы илимпаз, филология илимлериниң кандидаты Аллагулы Моллаевтың пикирине толық қосыламыз. «Усы нәўбетте оның баспасөзде жәрияланған өмирбаянынан алынған елеўли бирқанша мағлыўматларды келтиремиз. Илимпаздың баспада басылып шыққан илимий мақалалары менен бирге республикалық, халықаралық илимий конференцияларда жасаған мазмунлы баянатлары менен сөйлеген сөзлери, илимий мийнетлерге жазылған пикирлери қосылса 150 китаптан асып кетеди. Оның илимий басшылығында бир илимпаз филология илимлериниң докторы, 10 адам филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға еристи.

А.Дәўлетовтың докторлық жумысы тек қарақалпақ тил билимине емес, пүткил түркология илимине, түркологиялық мектептиң ғәзийнесине, түркий тиллердиң сес (фонетика) қурамын жаңаша изертлеў бойынша қосылған айрықша лингвистикалық үлес болды» (А.Моллаев). Биз бул мағлыўматты түркменстанлы алымның жәриялаған мақаласынан келтирдик. Биз Аллагулы Моллаевтиң «Қарақалпақ тил билиминиң пидайысы (әскери)»,-деген рәсмий емес ат та жарасады»,-деген тәрийплемесине «Ол бүгинги күнде қарақалпақ тил илиминиң зәбердес, жаўынгер сәркардасы»,-деген теңеўди бизлер тәрепимизден ҳеш қысынбастан, ҳеш артық деместен, бийжөн санамастан қосамыз.

Кудайтала берген өмирдиң жетпис жасыл атаўына желип жеткен курсласымызға ғаррылық мийзамының қыраўы шашыңды ағартса да, өмир турмысыңды, илимий мийнетиңди, күш-ғайратыңды, бәлент саўлатыңды шалмасын деген дослық, инсаныйлық, азаматлық тилек тилеймиз де, қутлықлаў тойхатымызды жуўмақлаймыз! Аман бол, саў бол!

## Мыңнан шыққан тулпар

**Аманбай Отаров**
***профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери***

Қарақалпақ тил илиминиң теориясының ҳәм әмелий мәселелериниң раўажланыўына ҳәм жетилистирилиўине салмақлы үлес қосқан, Өзбекстан Илимлер Академиясының (ӨзИА ның) академиги, филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Абатбай Дәўлетов мубарек 70 жасқа шығып отыр. Академикти бул қуўанышлы сәне менен шын жүректен қутлықлай отырып, оған терең ден саўлық, шаңарағына аманлық, алдағы илимий жумысларында да тасқын табыслар, илимий-педагогикалық кадрлар таярлаўға шаршамас күш-қуўат тилеймен!

Абатбай Дәўлетовты Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетиниң I курсында оқып жүрген, студент ўақтынан баслап таныйман. Мен ол ўақытлары физика-математика факультетиниң «математика ҳәм сызыў» қәнигелигиниң II курс студенти едим ҳәм өзим менен бирге оқыўға кирген тарийх-филология факультетиниң II курс студентлери Ю.Пахратдинов, А. Қалилаев, Т.Қабулов, Ж.Абдимуратовлар менен танысып, жора-жолдас болып қатнас жасап жүрген едик. Олар менен бирге институтта өткерилген ҳәр қыйлы әнжуманларға, жәмийетлик жумысларға, илимий-теориялық конференцияларға қатнасып жүрип, 1960-жылы апрель айында Абатбай Дәўлетов, Серимбет Сейтимбетов, Қалмурза Муратбаевлар менен де танысып, жақсы қатнасық жасап, жора-жолдас болып алдық.

Ол жыллары апрель айында институтта Ленинниң туўылған күнине бағышланып илимий-теориялық конференция өткерилип, Нөкистеги дем алыс бағында бәҳәр фестивалы шөлкемлестирилип, институт факультетлери арасында ТЕЗ (тапқыр-епшил-зийрек) атамасындағы жарыс өткерилетуғын еди. Оның жуўмағы бойынша жеңип шыққан факультет жәмәәти үлкен аброй-атаққа ийе болар еди. Бундай әнжуманлар институт факультетлериниң жәмийетлик жумысларға, көркем-өнер дөгереклерине қатнасып жүрген белсенди студентлериниң жақыннан танысып, бирге ислесип, досласыўына себепши болар еди.

Институтта оқыў-тәрбия жумысларын буннан былай да жақсылаўға арналған әнжуманларда шығып сөйлеп, бул мәселе бойынша өзлериниң пикирлерин айтып, илимий-теориялық конференцияларға баянатлар менен қатнасып, белсендилик көрсеткен Абатбайдың, Серимбеттиң, Қалмурзаның атлары тез-тез тилге алынып, оларды институттың көпшилик студентлери таныйтуғын еди. Олар тәртипли, барлық сабақлардан айырықша баҳаларға оқып, жәмийетлик жумысларға белсендилик пенен қатнасып, тарийх-филология факультетиниң ең абройлы студентлери болды. Олардың сүўретлери факультетте шығарылатуғын ҳүрмет тахтасында барқулла илдирилип турар еди.

Студент ўақтында пүткил Қарақалпақстан Республикасына атлары кеңнен мәлим болған, көрнекли педагог-алымлар А.Есемуратов, К.Бердимуратов, С.Ахметов, Д.Насыровлардың илимий басшылығында илимий-изертлеў жумыслары менен шуғылланыўы Абатбай Дәўлетовтың илимге болған қызығыўшылығын арттырды, оның келешекте илимий-изертлеў жумысларын табыслы орынлаў уқыплылығының қәлиплесиўине себепши болды.

Өзлериниң билим алыўға болған ықласы, илимий-изертлеў жумысларына болған уқыплылығы, шаршамай тынымсыз еткен мийнетлери арқасында Абатбай, Серимбет ҳәм Қалмурза 1964-жылы институтты айрықша диплом менен питкерди. Абатбай институттың тил билими ҳәм әдебият кафедрасына, Серимбет философия кафедрасына оқытыўшы болып, ал Қалмурза болса Өз ИАның Н.Дәўқараев атындағы қарақалпақ тили ҳәм әдебияты институтына илимий хызметкер лаўазымында жумысқа орналасты.

Өткен әсирдиң 60-жылларының басларында институт базасында университетке өтиў ҳаққында мәселе көтерилип, ҳәр қыйлы қәнигеликлер бойынша көп санлы илимий дәрежели педагог кадрларды таярлаў зәрүрлиги пайда болды. Соған байланыслы 1960-жыллардың басларында Т.Г.Шевченко атындағы Киев мәмлекетлик университети менен байланыс орнатылып, ол жақтан университет басшылары ҳәм белгили алымлар қурамындағы делегация келип, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтына Т.Г.Шевченко аты қойылды. Усы жағдайларға байланыслы, илимий-педагогикалық кадрларды таярлаў ушын Киев университетине илимий жумыслар менен шуғылланыўға уқыбы бар, жас оқытыўшыларды еки жыллық илимий стажировка өтиўге жибериў басланды. Олардың алдына илимий стажировканы өтип болғаннан соң аспирантураға кирип оқып, кандидатлық диссертация жақлаў ўазыйпасы қойылды. Ең биринши болып, 1966-жылдың сентябрь айының басында Оспан Данияров (физик), Оразымбет Садыков (математик) ҳәм мен үшеўимиз еки жыллық илимий стажировка өтиў ушын Киевке келдик. Бизлер Оразымбет екеўимиз Киев университетине, ал Оспан Украина Илимлер

Академиясының ярым өткизгишлер илимий-изертлеў институтына орналасты. Буннан соң, 1967-жылы илимий стажировка өтиўге Киев университетине Абатбай, Әбдиқәдир Жумабаев (химик), Султамурат Рейпназаров (философ) келди.

Бизлерди Киев университетинде жақсы күтип алды, университетке жақын ҳәм жасаў жағдайлары жақсы Чигорин көшеси №14 жайда жайласқан университеттиң №1 жатақханасына орналастырды. Абатбай Әбдиқәдир менен, ал мен Оразымбет пенен бир ханада жаттық. Усы ўақытлары Абатбай менен жүдә жақын дос болып, оның илимге болған ықласына, умтылыўшылығына, ўақытты қәдирлеп, илимди ийелеўге болған уқыплылығына ҳайран калдық. Киев университетиниң талапларына сәйкес келиў ушын илимий монографияларды ҳәм журналларды көп оқып, жоқары дәрежедеги билимге ҳәм илимге ийе болыў талап етилер еди. Усыны терең түсинген Абатбай ҳәр күни университеттиң ямаса Украина Илимлер Академиясының фундаменталь китапханасында кешке шекем илимий монографияларды ҳәм журналларды оқыды, ал кеште аўқатланып болып, жатақханадағы оқыў залында отырып, илимий мәселелерди шешиў үстинде жумыс исследи. (бул ўақытта бизлер көбинесе газета-журналлар оқып ямаса телевидение көрсетиўлерин көрип, дем алып отырар едик). Ол өзин илим пидайысы сыпатында танытты, бизлердиң де илимий-изертлеў жумысларын табыслы орынлаўымызға түртки болды.

Абатбай Дәўлетов илимий стажировканың биринши жылын Киев университетиниң филология факультетиниң «эксперименталлық фонетика» илимий-изертлеў лабораториясында профессор Н.И.Тоцскаяның илимий басшылығында өтти. Профессор Н.И.Тоцская Абатбайдың илимге болған уқыплылығын ҳәм умтылыўшылығын есапқа алып, Ленинград университетиндеги сол ўақытлары пүткил аўқамға белгили «Бас эксперименталлық фонетика» илимий-изертлеў лабораториясының басшылары менен келисип, оған илимий стажировканың екинши жылын Ленинград университетинде өтиўди усынды.

Абатбайдың Ленинград университетине келиўи оның ушын оғада үлкен илимий мектепти өтиў болды. Себеби оның бул жерде атлары пүткил жаҳанға белгили академик А.Н.Кононовтың, профессор М.И.Матусевичтиң, Л.Н.Зиндердиң лекцияларын тыңлаўы, белгили тюркологлар А.М.Щербак, С.Н.Ивановлар менен танысып, қарым-қатнас жасаўы, Абатбайдың үлкен алым болып қәлиплесиўинде баслы роль ойнады десек болады. Ол 1969-жылы Ленинград университетиниң аспирантурасына оқыўға кирип, 1972-жылы сол жерде белгили профессор М.И.Матусевичтиң илимий басшылығында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң вокализми» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлады.

Абатбай Дәўлетов институтқа қайтып келгеннен соң ҳәр кыйлы жуўапкершиликли лаўазымларда жумыс иследи: деканның оқыў ислери бойынша орынбасары, кафедра баслығы, шет тиллери ҳәм филология факультетиниң деканы болды. Ол қандай лаўазымларда жумыс ислесе де, өз ўазыйпасына үлкен жуўапкершилик пенен қарап, табыслы мийнет етти. Адамлар менен жақсы қарым-қатнасықта болып, жумысларды шебер шөлкемлестириўши, өз исине пухта, киши пейил, ҳүжданы таза, жоқары инсанлық пазыйлетли Абатбай Дәўлетов бәрқулла көпшиликтиң ҳүрмет-иззетине ийе болып киятыр. Ол күнделикли тәлим-тәрбия, илимий-изертлеў, илимий-педагогикалық кадрларды таярлаў жумысларына басшылық етиў, жәмийетлик жүклемелерди орынлаў сыяқлы көп санлы ўазыйпаларды атқарыў менен бир қатарда, илимий-изертлеў жумыслары менен үзликсиз шуғылланыўға да ўақыт тапты. Қарақалпақ тил илиминиң ҳәзирги замандағы фундаменталь мәселелерин изертлеў ҳәм шешиўге бағдарланған көп санлы илимий мақалалар ҳәм монографиялар жазып, ол 1994-жылы Алматы қаласында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» темасында докторлық диссертациясын жақлады ҳәм 1995-жылы Өз ИА ның академиги болып сайланды.

Абатбай Дәўлетов өзиниң илимий-изертлеў жумысларын орынлаўға болған шебер уқыплылығы, жоқары талантлы ҳәм мийнет сүйгишлиги менен студенттен академик

дәрежесине шекем өсип жетисти. Нәтийжеде ол қарақалпақ тил илиминиң теориясының ҳәм әмелиятының тез пәт пенен раўажланыўына салмақлы үлес қосқан, тек Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстанда ғана емес, ал пүткил түркий тиллес еллерде де аты белгили, көрнекли алым сыпатында танылды.

Мен достым, академик Абатбай Дәўлетовты 70 жасы менен тағы да қызғын қутлықлайман. Оған беккем денсаўлық, узақ ҳәм бахытлы өмир, шаңарағына аманлық, буннан былайда қарақалпақ тил илимин раўажландырыў ҳәм жетилистириў бойынша дөретиўшилик жумысларында тасқын табыслар тилеймен.

## Талапшаң алым талўасы

**Кеңесбай Алламбергенов**
***филология илимлериниң докторы, профессор***

Мен Абатбай аға Дәўлетовты 1972-жылдан баслап устаз-алым сыпатында жақсы билемен десем, онша жаңылыспайтуғын болыўым керек. Өйткени, усы 1972-1973-оқыў жылында қарақалпақ тили ҳәм әдебияты оқытыўшысы қәнигелигин ийелеў ушын талаба-студент болып оқыўға кирген бизлер, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты тарийх-филология факультетиниң 1-курсында оқып атырғанымызда, усы факультет деканы профессор Сражатдин аға Ахметов, ал А.Дәўлетов оның оқыў ислери бойынша орынбасары болып ислеп атыр екен. Бул жыл ең есте қаларлық жыл сыпатында студент болып, институт босағасын атлаған бизлердиң ядымызда қандай мөрленип қалған болса, устаз-алым Абатбай ағаның ядынан да усындай умытылмас жыл болғанлығы оның жылнама өмир шежиресинен-ақ белгили.

Бирақ бизлер оның бул жылғы қуўанышын хат-хабар арқалы ғана сезип билип қоймастан, усы жылдың ең бахтияр адамларының бири сыпатында өз жүреклеримиз бенен де сезгенбиз.

-Деканымыз жолбарыстай айбатлы, Рустем киби саўлатлы адам екен. Профессор болса, Сражатдин ағадай болсын. Орынбасары да оннан қалыспайды екен. Бой-сынбатын айтпайсаң ба? Биреў усы сызықтан шығып кетпе дегендей бир ели я олай, я былай емес, туппа-туўры, тип-тикке жүреди. Сөзлери де шахмахтың тасындай, қысқа-қысқа сөйлеп гәптиң пос-геллесин айтады да қояды. Өзи де дым свежий илим кандидаты екен. Жақлағанда да қайда дейсең, ҳә илимниң қайнап турған жери Ленинградта жақлапты. Жақлап келиўден замдекан болған қусайды. Бирақ дым қаталырақ болса керек…-десетуғын еди әскерлик хызметин өтеп келип оқып атырған айырым «тисқаққан» жасыүлкен тақыўа талабалар.

Бул жасыүлкен талабалардың айтқан гәплеринде де жан бар еди. Ҳақыйқатында да А.Д.Дәўлетов қатал, талапшаң, бирақ баўыры кең мийирман устаз-алым. Ол өзине қандай жоқары талаплар қойып, өз үстинде қәйтип тынбай мийнет ететуғын болса, талаба-шәкиртлеринен де усындай мийнеткешликти, талапшаңлықты талап етти. Сол ушын да ол оқытқан пәнлерди бирде талаба қалпал меңгерген емес… Я бирде оқый алмай талабалар қатарынан шығып кетеди де, яки бирде өз кәсибиниң алғыр маманы болып шығады. Мысал ретинде Республикамыздың көплеген оқыў орынларында қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәнинен оқытыўшы болып ислеп атырған бир неше жүзлеген шәкиртлерин айтпағанның өзинде өзиндей устаз-алым етип таярлап шығарған еки илим докторы, профессорлар менен жигирма магистр ҳәм он илим кандидатын келтириўдиң өзи жеткиликли!

А.Дәўлетов тек талабалық дәўиримдеги устазым болып қоймастан, бир мекемеде бирге ислескен кәсиплес устазым да болды. Мәселен, ол 1985-1996-жылларда факультет деканы лаўазымын атқарып турғанда, анығырағы 1987-1989-жыллар аралығында мен оның оқыў ислери бойынша орынбасары болдым. Ол бул жылларда тек зәбердес алым-устаз сыпатында ғана емес, талантлы шебер шөлкемлестириўши әдил ҳәм мийирман

басшы болып та көзге тасланды. Ең баслысы - ол айырым басшылардай аўырманлықты қосшыларына түсиретуғын бюрократ, буйрықпаз, қолын ыссы суўға малып отыратуғын ақ саўсақ, кербаз, яки исти өзи боладылыққа таслап қоятуғын бийпарўа, бийғам басшы болған жоқ. Ол өз арбасын өзи тартатуғын тынып-тыншымас мийнеткеш ҳәм туўры сөйлеп, туўры жүретуғын бир сөзли ҳақгөй басшы сыпатында өзин танытты. Орынбасарлары болған бизлерден де усыларды талап етти. Бизлер тәжирийбесизлик етип қандай да бир мәселелерди келистире алмай, яки билмегенликтен үлгере алмай атырсақ, ол бизлерге ис үйретиўден, жәрдемлесиўден, ҳәтте айырым ўақытлары бизлердиң орнымызға өзи ислеп кетиўден ҳасла жалыққан да, арсынған да жоқ. Бирақ бизлерден бир ғана нәрсени-тек туўрылықты талап етти. Соның ушын бизлер де ўақыт пенен санаспай, жан-тәнимиз бенен шын берилип жумыс ислейтуғын едик…

Ҳақыйқатында, А.Д.Дәўлетов тек усындай талапшаң ҳәм мийнеткеш зәбердеслигиниң арқасында усы жыллар ишинде өмирде ҳәм илимде гөзлеген мақсет-шыңларының бәрине жетисе алды. Илимге деген қуштарлық оны 1967-72-жыллары Санкт-Петербург мәмлекетлик университетине дәслеп стажер-изертлеўшиликке, кейин аспирантураға алып келди. Бул жерде ол жәҳәнге аты танылған көрнекли алымлар академик А.Н.Кононов, профессор М.И.Матусевич, А.М.Щербак, Л.Р.Зиндерлерден сабақ алды. А.Дәўлетов сол илим орайында 1972-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң вокализми» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шығып, филология илимлери кандидаты илимий дәрежесин, ал 1994-жылы Алматы қаласында Қазақстан Илимлер Академиясында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» атамасындағы диссертациясын табыслы жақлап, филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алды.

Көрнекли алымның Республикамыз билимлендириў саласын раўажландырыўға қосып атырған үлеслери оғада салмақлы. Ол еки жүзден аслам илимий, илимий-методикалық мийнетлердиң авторы. Оның жазған сабақлықлары ҳәм қолланбалары бағдарламалары жоқары оқыў орынларында, улыўма орта билим беретуғын мектеплерде, кәсип-өнер колледжлери менен академиялық лицейлерде оқытылады. Алымның «Қарақалпақ тилинде вокализм» (Самарқанд, 1976), «Қарақалпақ тилинде сингармонизм» (Нөкис, 1993), «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» (Нөкис, 1995), «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика» (Нөкис, 1979, 1994), «Ҳәзирги қарақалпақ тил билими тарийхы» (2001), «Ҳәзирги қарақалпақ тили фонетикасы» (2012) мийнетлери ҳәм сабақлықлары тек ғана қарақалпақ тили қәнигелиги студентлери ушын ғана емес, ал Республикамыздың жоқары оқыў орынларының барлық филологиялық қәнигеликлери студентлериниң ҳәм профессор-оқытыўшыларының ең тийкарғы күнделикли оқыў қуралына айланған.

А.Дәўлетов аймақлық ҳәм халық-аралық илимий конференциялар ҳәм симпозиуимларда, атап айтқанда III Пүткил аўқамлық тюркологиялық конференция (Ташкент, 1980), оқытыўшы ҳәм аспирантлардың VII жоқары оқыў орынлары аралық илимий-методикалық конференциясы (Ленинград, 1988), Пүткил аўқамлық илимий-теориялық конференция «Тюркская фонетика-90» (Алма-ата, 1990), Түрк жазба тили симпозиумы (Анкара, 1994) ҳәм тағы басқа да анжуманларда тил билими фонетикасының теориялық мәселелери ҳәм машқалалары туўралы баянатлар жасады.

А.Дәўлетов илимий жумыслары менен бирге Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң педагогикалық ҳәм жәмийетлик шөлкемлестириўшилик жумысларына белсене қатнасып киятыр. 1972-1978-жыллары университеттиң филология факультети деканы орынбасары, 1978-1985-жыллары Қарақалпақ тили кафедрасының баслығы, 1985-1996-жыллары Роман-герман филологиясы, кейин Филология факультети деканы болып исследи. Оған 1982-жылы доцент, 1992-жылы профессор атағы берилди. 1995-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының ҳақыйқый ағзасы (академик) болып сайланды. 1996-2012-жылларда Қарақалпақ тил билими кафедрасының баслығы болып ислесе, ал 2012-жылдан усы кафедраның профессоры лаўазымында ислеп киятыр.

Алымның халық ушын ислеп атырған ийгиликли хызметлериниң бири-Республикамыздағы жоқары маманлықтағы педагог илимпаз қәнигелер таярлаў бағдарында көринеди. Ол көп жыллар даўамында университет қасындағы Қарақалпақ филологиясынан докторлық диссертациялар жақлаў бойынша қәнигелестирилген Кеңес баслығы лаўазымын жәмийетлик басламада алып барды (Ҳәзир де усы Кеңес ағзасы). Буннан басқа да ӨзИА Қарақалпақстан бөлими президиумы ағзасы, «Ўзбекистонда ижтимоий фанлар» «ӨзИА Крақалпақстан бөлими Хабаршысы» журналлары редколлегия ағзасы. А.Дәўлетов Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы қарақалпақ тили ҳәм әдебиятынан сабақлық ҳәм бағдарламалар дүзиў бойынша комиссия баслығы ретинде де үлкен жәмийетлик-шөлкемлестириў жумысларын алып бармақта.

Академик А.Дәўлетовтың көп жыллық илимий-педагогикалық хызметлерин Республикамыз ҳүкимети ҳәм жәмийетшилиги жоқары баҳалап, 1992-жылы Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери ҳүрметли атағын берди. Ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан илимпазлары арасында өзине сай абырайына ҳәм өз илимий мектебине ийе.

Аўа, булардың бәри академик устаз-алым А.Дәўлетовтың өмирде ҳәм илимде жақсы из қалдырыўға болған илгери нийет умтылыслары менен тынып-тыншымай ислеген мийнет талўасларының үлкен жемиси болып табылады.

Сизге және де күш-ғайрат, зор ден-саўлық, бахыт, мәртебелер несип бола берсин! Бүгинги юбилей сәнелери де қутлы болсын! Улыўма, талўасыңыз таса берсин, устаз-алым, Абатбай аға!

## Пидайы алым, ғамхор устаз

**Қуўанышбай Оразымбетов**
***филология илимлериниң докторы, профессор***

Бир кәсипте жүдә көп жыллар үзликсиз жемисли ислеген инсанлар туўралы көпшилик ўақытта олардың өз кәсибине садық екенин айрықша мақтаныш пенен ҳәўес етип айтамыз. Бул нызамлы да. Себеби, қайсы кәсипте болмасын узақ жыллар ислеў, оның машақатларына көниў, кәсиплик шеберлигиңди жетилистирип барыў – ҳәммеге де несип ете бермейтуғын жағдай. Бир жерде узақ жыллар жемисли ислеў дегенде сол инсанның өз кәсибиниң ҳақыйқый шеберине, жетекшисине айланыўы, оның сол жәмәәттеги атақ-абройы түсиниледи. Өйткени, узақ жасағанның ҳәммеси дана бола бермегениндей бир орында көп ислегенниң ҳәммеси биз жоқарыда атап өткен сапалық белгилерге ийе бола алмайды.

Академик Абатбай аға Дәўлетовты усындай атақ-абройға ийе болған инсанлардың бири деп есаплайман. Өзи ретинде еслеп отыратуғынындай ол 1959-жылы 17 жасында Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының босағасына студент болып қәдем таслаған болса, мине, саррас 53 жылдан берли соң университетке айланған усы илим ҳәм билим дәргайы оның екинши үйи есапланады. Институтты питкерип жас оқытыўшы болып қалған жыллар, илимге атланыс, лингвистика илими бойынша дүньяға даңқ таратқан Санк-Петербургта өткен аспирантлық дәуир, және жасларға билим бериў, жоқары оқыў орнында ислеген адамның алыяы мүмкин болған илимий дәреже ҳәм атақлардың ҳәммесин алыўға ерисиўи, көплеген илимий ҳәм илимий-педагогикалық мийнетлердиң жүзеге келиўи – булардың барлығын төрт-бес қатарда-ақ санап шығыў мүмкин болғаны менен, бирақ ол өз тараўында тынбай ҳәм жемисли мийнет еткен бир инсанның өмир жолы. Бул жыллардың машақатлы ҳәм татлы демлери Абатбай ағаның көз алдында.

Әдетте юбилейлик мақалада юбилярдың өзине тән белгилерин ҳәр ким өзинше ашып бериўге умтылады. Биз де шәкирти ҳәм кәсиплеси сыпатында Абатбай ағаның

студентлик жылларда лекциясын тыңладық, соң оның менен бир жәмәәтте бирге ислестик. Ол киси сабақ ўақтында устаз-шәкирт арасындағы аралықты қатаң услап тура алады. Сабақ өтиўди, лекцияға таярланып келиўди кәсиплик миннети деп түсинеди ҳәм ҳәзирги күнге шекем бул кәсиплик қағыйдаға қылаплық еткен емес. Абатбай ағаның минезиндеги қаталлық оның кәсиплик шеберлигине де өткенин сезип турасаң. Абатбай Дәўлетов лекция оқыса шыбынның дызылдысы еситилетуғынын ҳәмме филологлар биледи. Бул жағдай еле бизлер студент ўақтымыздағы доцент Абатбай Дәўлетовтың сабағында да солай болған, ҳәзирги академик Абатбай Дәўлетовтың сабағында да тап усылай даўам етпекте. Абатбай ағада өзиниң бир қатар заманласларындағы сыяқлы педагоглық ҳүждан менен илимпазлық ҳүждан бир-бирине қарысып кеткен. Илимди педагогика менен, педагогиканы илим менен байытып барыўды шебер меңгерип алған. Әсиресе, соңғы он жыллықта устаз жүдә көп мийнет етти, академиялық лицейлер ҳәм кәсип-өнер колледжлери ушын соншелли көп сабақлықлар жазды, оларды бир адамның қалай ислеп үлгергенине ҳайран қаласаң. Илим докторы, профессор, академик сыяқлы илимий атақ ҳәм дәрежелер ол кисиге тийкарсыз берилмегенине, оларды өзиниң жемисли мийнетлери арқалы ийелегенине және бир мәртебе исенесең.

Бир қарағанда Абатбай аға қатал адамға усайды. Оған көп адам пикирин еркин айтыўға тартынады. Бирақ ҳаслында ол киси сәўбетлесин сөзге тарта алады ҳәм оның зият сөйлегенин сезбейсең. Бизиң халқымызда жигиттиң адамгершилик қәсийети дүзге шыкканда көбирек көзге тасланады деген пикир жийи айтылады. Биз де Абатбай аға менен хызмет бабында ямаса басқа да адамгершилик қатнасларға гөре бир неше мәртебе алыс районларда, басқа областларда, ҳәттеки, басқа республикаларда болғанбыз. Сондайда Абатбай ағаның көпти көрген, дүзде көп болған екенин дәрҳал-ақ сезесең. Бир сапары Абатбай ағаның досты, бизиң кәсиплес ағамыз Байқазақ Бекетовтың қыз узатыў тойына Қазақстанға бирге барғанбыз. Сонда оның Қазақстанда да досларының көп екениниң гуўасы болғанман. Қайсысы болса сонысы «Абеке» деп жыллы жүз бенен көрисип атырғаны. Олар менен жыллы шырай көрсетип сәлемлескен яшуллы сол жерде де жасы үлкеншилик етип отырғаны еле есимде.

Жумыс барысында Абатбай ағаның басқаларға ҳәм қатал, ҳәм дыққатлы екенин көриўге болады. Үлкен яки кишкене мәжилислерде болсын, проблемалар жөнинде жан күйдирип айтады, пикирин қыпсалап отырмайды. Базда жүдә майда көринетуғын мәселелерге де араласып, оған өз мүнәсибетин билдирип атырғанын көрип, яшуллы бундай киши мәселелерге араласпағанда не қылады деген пикирге де барып қаласаң, бирақ кейин ойлап қарасаң жумыс барысында киши мәселениң өзи болмайтуғынына көзиң жетеди. Мен өзим 12 жыл факультет деканы болып иследим, сонда Абатбай ағалардың қадағалаўында екенимди сезип туратуғын едим ҳәм бул нәрсе мениң басшылық жумысымда аз кемшилик жибериўиме тийкар болды деп ойлайман. Сондай-ақ Абатбай ағалар басқа да жасы үлкенлер менен биргеликте өз орнында жасы үлкеншилигин ете алады, керек жеринде жасы кишилерди қорғайды. Жәмәәттиң мәпи ҳаққында сөз болғанда оны қорғаўға жан-тәни менен умтылады. Университет көлеминде факультет мәпин, республика көлеминде университет мәпин корғап жүргенин талай мәртебе көргенбиз.

Инсанның күнделикли өмири тек жумысқа барып-келиўден, мәжилислерде шығып сөйлеўден ибарат емес. Әсиресе, бизиң шараятымызда қонаққа барыў ямаса қонақ шақырыў сыяқлы үрп-әдетлер де бар, ол жигиттиң инсаныйлық фазыйлетин анықлаўда яки көрсетиўде баслы өлшемлердиң бирине айланатуғын пайытлары да болады. Ҳәзир жигит ағасы дәрежесине келип қалғанымыз бенен университет жәмәәтине жаслай араластық. Ол ўақытлары Абатбай аға факультет деканы еди. Сол пайытлары Абатбай ағаның конақта өзин услап-тутыўы, басқаларға қатнасы, өзи қонақ күтетуғын болса ҳәмме нәрсени тап-туйнақтай етип қоятуғыны, жасыратуғыны жоқ, бизлердиң ҳәўесимизди келтиретуғын еди. Бунда, әлбетте, яшуллының өмирлик жолдасы Мырзагүл жеңгейдиң орны айрықша екенин де айтып өтким келеди.

Улыўмаластырып айтқанда, 70 жыллық юбилейин белгилеп атырған устаз ағамыздың өмир жолы көпшилик ушын өрнек болатуғыны сөзсиз. Илим ҳәм билимлендириў тараўында пидайылық көрсетип киятырған устазымызды 70 жыллық юбилейи менен қутлықлаў менен бирге, жоқары билимли қарақалпақ жасларын таярлаўда талмас күш жигер тилеймиз.

## Устаз мектеби

**Инжайым Сейтназарова**
***филология илимлериниң кандидаты, доцент***

*Муғаллим – бул жақсылық ҳәм билимлендириў жолының бийминнет шырақшысы.*
***Әлишер Наўайы***

### *Кәсипке садықлық*

Балалығымнан мектеп муғаллимлерине болған үлкен ҳәўес, сүйиспеншилик усы кәсипке болған ықласымды арттырды. Еле ҳәрип, жазыў-сызыў ҳаққында ҳеш қандай түсиниги болмаған ойын баласының ақылый имканиятлары есигин ашып, оны жаңа мағлыўматлар топламы менен толықтырып баслайды. Бала муғаллим жәрдеминде Әлипбеде орын алған ҳәриплердиң жазылыўын парықлай алыў менен бирге оларды бир-биринен айырып атын атап таный баслайды. Бул процесслердиң избе-излигинде де устаз хызмети сәўлеленеди. Биз шәкиртлердиң жетик қәниге болып қәлиплесиўимизде де олардың үгит-нәсияты тийкар ўазыйпасын атқарады ҳәм өз кәсибине садықлық сезимин оятады. Мениң өмиримде де устаз хызмети айрықша болып, ол ҳаққында сөз етиўди шәкиртлик парызым деп билемен.

### *Сес, ҳәрип ҳәм сөз*

Бул үшлик бир-бири менен тығыз байланысқан. Тил билими тараўында нызамлылықларына сай қағыйдаларын ислеп шығыў, додалаў ҳәм айланысқа енгизиў жуўапкершиликли ис болып есапланады. Қарақалпақ тили де бундай мәселелерден жырақ емес. Лекин, машқалалар тараў пидайыларының излениўшеңлиги нәтийжесинде унамлы шешимин таўып атыр. Усындай инсанның бири сыпатында академик Абатбай Дәўлетовтың исмин атап өтиўимиз орынлы.

Абат аға ҳаққында сөз ететуғын болсам, устазымды мен мектеп оқыўшысы пайытымнан баслап билетуғын едим. Себеби, пән олимпиадасына ана тили ҳәм әдебияты пәнинен қатнасатуғын едим. Республикалық таңлаўға Тахтакөпир районы атынан үш жыл қатарына қатнасып ҳәр жылы 1-2-орынларды ийеледим. Ол ўақытлары белгили алымлар С.Ахметов, Қ.Султанов ҳәм А.Дәўлетовлар имтихан алды, комиссия баслығы С.Ахметов еди. Универстеттиң үлкен алымларының сынағына түсип, олар алдында унамлы баҳа алыў кишкене ғана 8-9- класс мектеп оқыўшысы ушын шексиз бахыт. Олимпиада сынағы барысында А.Дәўлетовтың қарақалпақ тили пәнинен қурамалы сораўларды бергени, олардың ҳәр бирине иркилместен тақылдап жуўап бергеним, буннан соң қызықсынып қарақалпақ тили пәнинен оқытқан устазларымды сорағанлары ҳәм де сол жерде отырып А.Дәўлетов қасындағы басқа комиссия ағзаларына: «Келешекте мына қыздан бир нәрсе шығады, қызығыўшылығы, билими жүдә жақсы екен» дегенлери кешегидей еле есимде.

Олимпиада жуўмағы университеттиң Мәденият сарайында болып өтти. Онда фамилиям биринши орын деп оқылғанында өз қулағыма исенбедим. Мектепти питкерип, 1986-жылы Нөкис мәмлекетлик университетине оқыўға тапсырдым. Сол жылы қабыллаў комиссиясының жуўаплы хаткери профессор Р.Тилеўов, ал пән комиссиясы баслығы А.Дәўлетов екен. Мектепти алтын медаль менен питкерип, оқыўға ҳүжжет тапсырған бир қатар абитуриентлерди Абат аға өзи радиоға алып барды. Мен радиодан қарақалпақ тили ҳәм әдебиятына қызығыўшылығым ҳаққында сөйлеп бердим. Абат аға мениң интамды көрип, оқыўыма табыслар тиледи.

### *Устазым – кәсиплесим*

Университетти питкерген жылы факультет деканы сыпатында А.Дәўлетов мени ҳәм группалас достым П.Алламбергенованы оқыўымызды айрықша диплом менен питкергенлигимиз ушын усы жерде оқытыўшылық кәсибинде ислеп қалыўымызды усыныс етти. Аспирантураға тапсырдым, илимий басшы болып А.Дәўлетов бекитилди. Сол ўақытлары ол илим кандидаты илимий дәрежесине ийе еди. Тема бойынша бир бетлик қысқа пикир жазып бериўди тапсырды, устаз. Бир беттиң өзи үлкен қыйыншылық пенен жазылды. Лекин илимий басшымның мәсләҳәти менен жазылған бир бет, соң көлемли үлкен илимий мийнеттиң жүзеге келиўине тийкар болды. Хожалықлы болып екинши баламды күтип атырған ўақтым еди. Әкем келип «Неге илимий жумысыңды кешиктирип атырсаң, қызым? Мен илимий жумысыңның барысын устазыңнан барып билейин»- деди, әкем жаны төзбей (Әкем ҳажы еди). Әкем Абат аға менен сәўбеттен қатты кеўли толып, толып–тасып келди. "Устазың устамлы жақсы адам екен, қуда қәлесе кандидатлық дисертацияңды өз ўақтында жақлап, сен де, устазың да абырайлы боларсыз" деп пәтиясын берди. Мен илимий жумысымды жақлағанда устазым академик дәрежесине ийе болды.

Қарақалпақ тилиниң ең бир қыйын, ҳәммениң де тиси бата бермейтуғын тараўы есапланған фонетика бойынша бир қанша қунлы мийнетлери менен салмақлы үлес қосқан устаз хызметиниң ҳәр бири ҳаққында қаншама мақтаныш етип айтсаң да көплик етпейди. Илимий бағдарда тынымсыз жумыс ислеў менен бирге ол илимий–педагог қәнигелерди жетилистириўге де айрықша  итибар берди. Оның илимий басшылығында жумыс алып барған шәкиртлериниң алды профессор, илим докторы илимий дәреже, атақларын алыўға еристи.

Кеше ғана ел басшымыздың «Жоқары маманлықтағы илимий ҳәм илимий-педагогикалық кадрлар таярлаў және аттестациядан өткериў системасын буннан былай да жетилистириў ҳаққында» Пәрманы жәрияланғанын еситип, оны устазға жеткериўге асықтым. Ҳақыйқатында да, ғәрезсизлик жылларында илим ҳәм билимлендириў тараўындағы реформалардың нәтийжелериниң унамлы екенлигин көрип, елдиң ертеңи ушын бүгиннен беккем тийкар қаланып атырғанлығына мениң илим тараўына кирип келиўимде орны гиреўли устаздың қуўанышы шексиз еди.

### *Үлкен ҳәм беккем шаңарақ*

Абат аға Дәўлетов үлгили шаңарақ ийеси. Апамыз Мырзагүл менен үш ул, еки қызды тәрбиялап, халық қатарына қосты. Олардың барлығы жоқары мағлыўматлы, кәсибиниң шын мәнисиндеги пидайылары болып жетилисти.

Үлкен баласы әке жолын даўам еттирип, илим кандидаты, ҳәзир университетте техника факультетиниң деканы, ортаншы улы Қараөзек районы ҳәкиминиң орынбасары, кишкенеси де жоқары мағлыўматлы, дийхан фермер хожалығы баслығы, ал қызлары болса ата-анасының жолын қуўып оқытыўшылық кәсибиниң маманы. Барлығы да үлгили шаңарақ ийелери.  Устазымыз ақлықларының әдиўли атасы. Олардың табысларын бөлисиўге қуштар инсан.

Устазымыздың машақатлы ислеринде табысқа ерисиўинде қос арыстың бири апамыз Мырзагүлдиң орны гиреўли. Базда, биз шәкиртлери байрамларда дастурхан әтирапында сәўбетлесип қалсақ, апамыздың кеўли ашықлығы, оның сөйлеген сөзинен, келинлерине, ақлықларына берген тәрбиясынан өзлеримизге үлкен ибрат алып қайтамыз.

### *Сабақлықлар дүзиўде*

Илим үйренип, оны әмелиятта қолланбаў, егин егип оның зүрәәтин жыйнап алмаған менен барабар. Жасларды билимли етип, илимге қызықтырыў, терең мәдениятлы, кәсибиниң пидайысы етип жетилистириў устазлардың искерлигине байланыслы.

Тил билими бойынша Санкт-Петербург ҳәм Москва илимий мектеплери қәлиплескен ҳәм оларда жыллар даўамында үзликсиз илимниң машқалалары шешимин таўып барылады. Академик А.Дәўлетов дүньяға белгили тилши алымлар менен болған

сәўбетлесиўлерин сөз еткенде биз де жаңа мағлыўматлар менен танысамыз. Бул илимий орайлар менен байланыс орнатып, ол бүгинги күнге шекем илимий конференциялар, әнжуманларға қатнасып келмекте.

Абат аға тынып-тыншымас инсан. Бизлерге сен морфология тараўын, Шәригүл синтаксисти, Мәмбет морфонологияны деп барлығымызды илимий жумыс пенен бәнт етип сабақлық ислеўге ийтермелеген инсан. Мектеп, академиялық лицей ҳәм кәсип өнер колледжлерине сабақлықлар жаздық, бирге ислестик, бул исте бизлерге басшылық етти.

–Абат ағадан интервью алыў жүдә қыйын ҳәм жуўапкершиликли. Устаз ҳәр бир сөзге айрықша итибар менен қарайды. Мақала таяр болғаннан соң да көрип және өзгерислер киргизиледи. Газетада жәрияланаман дегеншелли қайта–қайта исленип таяр ҳалға келтириледи,–деген еди газеталардың биринде ислейтуғын журналист достым. Ҳақыйқатында да Абат аға ҳәр бир мийнеттиң дөретилиўи процессинде жазылыў, редакторлаў, корректорлаў исине жүдә жуўапкерли қарайды. Бул нәрсе оның жумыс ислеў усылына айланып кеткен. Кафедра ағзалары менен биргеликте сабақлықлар таярлаўда устаз искерлиги нәтийжесинде кишкене бир қәте жиберип қойыў, бул ислерге итибарсызлық пенен қараў сыяқлы кемшиликлерди жибермеўге тырыстық. Соның нәтийжесинде тил билими бойынша зәрүр мийнетлер жүзеге келди деген пикирдемен.

### *Устазлық мәртебеси*

Өзимдеги бир қәсийет мен бәрҳә алда жүриўди, алдыңғы болыўға ҳәм алдыма мақсет қойсам соған ерисиўге умтыламан. Мектепти алтын медаль менен питкерсем, унивеситетти айрықша диплом менен тамамлап қатарларымнан кем болмадым. Ең қуўанышлысы - устазым академик А.Дәўлетовтың биринши шәкиртимен. Устаз мени өз қызыларнан кем көрмейди. Бул исеним менде үлкен жуўапкершилик жүклейди. Себеби, мен академик-устаздың шәкиртимен. Мениң исимдеги кемшилик ямаса орынсыз ҳәрекет устазыма аўыр батады. Бул қәсийет устаздың барлық шәкиртлерине де өткен. Сонлықтан да, устазымыз бизлерге ҳәрдайым ақыл–кеңес айтып, өзиниң мәсләҳәтлерин бериўге ҳеш қашан жалықпайды.

### *Устазға еликлеў*

Инсанға тән қәсийет – устазға еликлеў. Мен Абат ағадан туўры сөзликти, рети менен сөйлеўди, тик қәдем таслаўды, ҳақыйқатлықты жасырмай айтыўды, илим менен бирге тәрбияны қоса алып барыўды, биз ушын бәрҳама муқаддес болған шаңарақты қәстерлеўди үйрендим. Устаздан үйренгенлерим турмыста, жәмийетлик жумысларда күтә пайда берди.

Университеттиң ҳаял–қызлар комитетине басшылық етиўде Абат ағадан үйренгенлеримди үстин етип аламан. Ҳаял-қызлар комитетине басшылық етиўди усыныс еткенде: “Кызым, сен ҳеш екиленбе, бул саған университет басшылары тәрепинен берилген үлкен исеним ҳәм жуўапкершилик, сениң бул жуўапкершиликти мәрдана атқаратуғыныңа мен исенемен” деген еди устазым. Мениң жетискенлигиме, табысларыма да ортақ, ҳәмме ўақыт жумысымның жай-жағдайын сорап, мәсләҳәт береди. Шәкиртлерине бундай етип, әкесиндей ғамхор устазлардың саны санаўлыдай. Мәселен, ҳәзир бизлердиң өзимиз де устазлық дәрежесине жетистик, шәкирт тәрбиялап атырмыз, қудайға шүкир, изимизди қуўып илим жолында жүрген шәкиртлеримиз бар. Гейде өз-өзиме сораў қояман: Абат ағаның бизлерге устазлық еткениндей мен шәкиртлериме устазлық ете алдым ба?

Деген менен, халықта устаз көрген, мектеп көрген деген гәп бар ғой...

Турмыслық тәжирийбеси көп устаздан үйренгенлерим ислеримде пайдасын тийгизбекте. Мен быйылғы жылы ерискен Республикалық таңлаўда «Ең үлгили басланғыш ҳаял–қызлар шөлкеми баслығы» бағдарында жеңимпаз болыўымда да устазымның бизди мийнеткешликке, сабырлы-төзимли болыўға тәрбиялаўы үлкен тәсирин тийгизгенин мойынлайман. Бул табысымды ҳәммеден бурын устазым Абат ағаның қутлықлағаны маған тағы да йош бағышлады.

“Устазы жақсының устамы жақсы” деген гәп бар. Ҳақыйқатында да, академик А.Дәўлетов дүньяға белгили лингвист, түрколог алымлар тәлимин алған устаз тил илимине қосқан үлеси, жетистирген шәкиртлери менен илимий мектебин жаратты.

## Роль щербовской фонологической школы в научной деятельности академика Абатбая Даулетова

**Базарбай Хощанов**
*доцент Нукусского государственного педагогического института*

Ученые по-разному приходят в науку, своеобразен приход в науку и академика Абатбая Даулетова.

В 1959 году выпускник сельской школы, деревенский семнадцатилетний парень, становится студентом историко-филологического факультета, одного из четырех факультетов, единственного в республике вуза с длинным названием ККГосПИ. Он с жадностью слушают лекции преподавателей, еще не до конца понимая, что они являются знатоками каракалпакского языкознания, фанатами своего дела К.Бердимуратов, А.Есемуратов, тогда еще проректор по учебной работе института Д.Насыров и многие другие. Жажда к научным знаниям и большое трудолюбие студента сделали своё дело: он заканчивает учебу с отличием и по рекомендации заведующего кафедрой доцента К.Бердимуратова назначается преподавателем кафедры каракалпакского языка. Тогда, в далеком 1964 году никто еще не предполагал, какое будущее ждет молодого ученого А.Даулетова.

В истории языкознания долгое время путали термины «буква», «звук», до тех пор, пока в 70х годах 19 века основоположник Казанской лингвистической школы, выходец из французских эмигрантов, родившийся в Польше, но живший в России И.А.Бодуэн де Куртенэ ввел понятие «фонема», противопоставив его понятию «звук». Теперь отпала необходимость в термине «буква» тогдашнем понимании в фонетической науке. Так что основоположником фонологии является польско-русский ученый, большой полиглот, писавший свои труды более чем на десяти языках мира И.А.Бодуэн де Куртенэ.

Его ученик Л.В.Щерба подхватил идею своего учителя, расширил понятие «фонема» и довел его до совершенства. В 1912 году он опубликует знаменитую магистерскую диссертацию «Русские гласные в качественном и количественном отношении», где впервые ставится вопрос о качественной и количественной редукции гласных звуков. Здесь же он поднимает вопрос о том, что человеческое ухо не способно до конца распознать артикуляционные и акустические своеобразия фонем, поэтому фонемы следует исследовать при помощи тонких и чувствительных приборов. Он вынашивает идею о создании лаборатории экспериментальной фонетики. В результате всего этого в свет появляется его следующий труд «О трояком аспекте языковых явлении и об эксперименте в языкознании». Такова история создания Ленинградской экспериментально-фонетической лаборатории, которой в 1941 году после смерти Л.В.Щербы было присвоено его имя.

Создание такой лаборатории было переворотом в фонетической науке, теперь звуки и фонемы исследовались при помощи чувствительных приборов как рентгенограмма, палатограмма, спектрограмма, осциллограмма и мн.других. Данные приборов заставили фонетистов менять свои традиционные взгляды на акустические особенности звуков. Когда в 1967 году будущий академик появился в этой лаборатории, где были экспериментально исследованы многие индоевропейские языки, в особенности русский язык. Ему предстояло экспериментально исследовать звуки речи каракалпакского языка.

А.Даулетову было и легко и трудно. Легко потому что методика эксперимента была разработана на материале звуков других языков, трудно потому, что нужно было описать данные приборов по звукам каракалпакского языка. Нужно было изучать труды основоположника ленинградской фонологической школы Л.В.Щербы, консультироваться у учеников Л.В.Щербы профессоров М.И.Матусевич, Л.Р.Зиндера и многих других.

Результатом всей этой работы явилась защита кандидатской диссертации под руководством М.И.Матусевич в Санкт-Петербургском университете в 1972 году на тему «Вокализм современного каракалпакского литературного языка» (сравните темы книги Л.В.Щербы «Русские гласные в качественном и количественном отношении» и диссертации А. Даулетова).

До А.Даулетова звуки каракалпакского языка также были исследованы некоторыми учеными (К.Убайдуллаев, Ж.Аралбаев, Р.Бекназарова), но в этой диссертации артикуляционные, акустические и лингвистические аспекты и различия гласных фонем каракалпакского языка впервые были изучены, экспериментально.

